



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 8 jiyè 2013

**GOUVÈNÈ A ANONSE SUNY AP RESEVWA KOUNYE A APLIKASYON POU PWOGRAM FOMASYON MÈT ANSEYAN ETA NEW YORK LA**

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a State University of New York ap resevwa kounye a aplikasyon pou Pwogram Fòmasyon Mèt Anseyan Eta New York la (New York State Master Teacher Program). Ou ka fè aplike sou entènèt, nan <http://www.suny.edu/MasterTeacher/>.

“Bay garanti nou genyen pwofesè pi konpetan ak pi entelijan nan salklas se yon eleman fondamantal nan kreyasyon sistèm edikasyon nivo mondyal nan Eta New York,” te deklare Gouvènè Cuomo.

“Pwogram Fòmasyon Mèt Anseyan an pral idantifye epi rekonpanse pwofesè ki ale pi lwen pou elèv yo, epi tou jete baz pou yon kòporasyon pwofesè wo nivo ki pral travay ak kolèg yo pou bay elèv meyè edikasyon posib. M ankouraje paran, administratè, ak oganizasyon ki afilye ak lekòl pou yo chwazi meyè pwofesè matematik ak syans yo pou yo aplike pou pwogram sa.”

“Sekirize epi soutni pwofesyonèl nan edikasyon nou yo se yon bagay esansyèl pandan New York ap rebati ekonomi li epi prepare timoun jodi yo pou defi ak opòtinite 21<sup>yèm</sup> syèk yo,” te deklare Rektè Zimpher. “Pwogram Fòmasyon Mèt Anseyan an bay pwofesè pi konpetan ak pi briyan yo plis ankourajman pou yo kontinye anseye epi pataje konesans yo ak kolèg yo. N ap tann ak enpasyans pou pote pwogram lan nan kominote ak lekòl nan tout eta a.”

Gouvènè Cuomo te etabli Pwogram Fòmasyon Mèt Anseyan Eta New York la ane sa pou idantifye, rekonpanse, ak sipòte pwogram metriz matematik ak syans nan tout Eta New York. Wol mèt anseyan an kòm gid pwofesyonèl ak espè nan domèn lan se kle pou devlope kad aktyèl pwofesè esepsyonèl yo ak pou devlope fiti pwofesè konpetan.

Mèt Aseyan yo pral:

- Enplike nan gide kolèg yo ak nan opòtinite devlopman pwofesyonèl entansif nan domèn yo pandan tout ane akademik la..
- Travay nan tèt ansanm ak fiti pwofesè ouben sa ki nan kòmansman karyè yo pou favorize yon anviwonman pozitif pou nouvo jenerasyon pwofesè STEM yo.

Haitian Creole

- Resevwa yon peman \$15.000 chak ane sou 4 lane pou patisipasyon yo nan pwogram lan (total konpansasyon: \$60.000 pou chak Mèt).
- Blije patisipe nan reyinyon regilye gwoup yo, patisipe epi dirije plizyè sesyon devlopman pwofesyonèl chak ane, epi patisipe nan fòmasyon fiti edikatè ak sa ki nan komansman karyè yo nan kad pwogram Mèt Anseyan an.

Pwofesè yo pral soti nan tout rejyon eta a pou patisipe nan pwogram lan, ak kat rejyon k ap lanse otòn sa, nan Mid-Hudson, North Country, Central NY, ak Western NY. Rès sis rejyon yo pral lanse pandan sezon prentan an.

Chak pwogram rejyonal pral jimle ak yon enstitisyon rechèch pou bay patisipan plis aksè nan domèn yo. Aksè sa pral kenbe Mèt yo angaje nan devlopman modèn yo ki genyen nan domèn yo, sèvi kom ankourajman pou kenbe yo nan pwofesyon an, epi amelyore konteni konesans yo.

### **Prezantasyon State University of New York**

State University of New York se pi wo sistèm inivèsite konplè nan peyi Etazini, k ap fòme apeprè 468.000 etidyan nan plis pase 7.500 pwogram diplòm ak sètifika, ak plis pase 1,8 milyon sitwayen NYS nan pwogram devlopman pwofesyonèl ak anrichisman pèsònèl, sou 64 kolèj ak inivèsite kanpis. Genyen preske 3 milyon ansyen etidyan SUNY nan lemonn. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, ale nan sitwèb [www.suny.edu](http://www.suny.edu)

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418